दिन–रवि दिनांक–22.02.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे इंडिया एआई इम्पैक्ट सम्मेलन भविष्य मे यांत्रिक मेधाक उपयोगक दिशा मे एक महत्त्वपूर्ण पड़ाव साबित भेल अछि। आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रम मे ओ कहलनि जे एहि सम्मेलनक लेल नव दिल्ली मे कतेको देशक नेता उद्योगपति, नवप्रवर्तक आओर स्टार्टअप सँ जुड़ल लोक उपस्थित रहथि। प्रधानमंत्री कहलनि जे एहि आयोजन मे अमूल बूथ आ सुश्रुत संहिता के सेहो प्रदर्शित कयल गेल जे विश्व नेता सभ कँ बहुत प्रभावित कयलक। अमूल बूथ मे बताओल गेल जे एआई कोन प्रकारें पशु सभक इलाज मे सहायता कऽ रहल अछि आओर किसान चौबीसों घंटा एकर मददि सँ अपन डेयरी फॉर्म आओर पशु सभ पर कोना नजरि राखि रहल अछि। श्री मोदी कहलनि जे विश्वभरि के नेता ई देखि कऽ आश्चर्यचकित छथि जे भारत आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस यानी यांत्रिक मेधाक सहायता सँ प्राचीन ग्रंथ, ज्ञान आ पांडुलिपि सभक संरक्षण कऽ रहल अछि।

प्रधानमंत्री मोदी मन की बात कार्यक्रम मे कहलनि जे डिजिटल अरेस्ट आओर डिजिटल धोखाधरी पर चर्चाक बाद जागरूकता बढ़ल अछि। ओ कहलनि जे डिजिटल अरेस्ट आओर वित्तीय धोखाधरी सँ निर्दोष लोक सभ कँ निशाना बनाओल जा रहल अछि। अपराधी फर्जी कॉल करैत अछि, एसएमएस आओर लिंक पठबैत अछि। एहेन घटना सभ अक्षम्य अछि। श्री मोदी सभ सँ सतर्क रहबाक आ धोखेबाज सभक झांसा मे नहि अयबाक आग्रह कयलनि। ओ कहलनि जे केवाईसी या री–केवाईसी मात्र बैंक शाखा, आधिकारिक ऐप आओर अधिकृत माध्यमे सँ करेबाक चाही। श्री मोदी लोक सभ सँ ओटीपी, आधार नंबर वा बैंक खाताक जानकारी केकरो संग साझा नहि करबाक सलाह देलनि अछि आओर बदलैत रहबाक सेहो सुझाव देलनि।

प्रधानमंत्री गर्व व्यक्त कयलनि जे भारत मे किसान आब गुणवत्ता, मूल्यवर्धन आओर नव बाजार सभ पर ध्यान केन्द्रित कऽ रहल छथि। श्री मोदी कहलनि अछि जे किसान नव प्रयोग कऽ नव तकनीक अपना कऽ भूमिक बेहतर उपयोग कऽ रहल छथि। प्रधानमंत्री कहलनि जे देशक किसान एकहि खेत मे चाउड़क पाँच सय सत्तरि किस्मक खेती कऽ रहल

छथि। श्री मोदी कहलनि जे आइ भारत विश्वक सभ सँ पैघ चाउड़क उत्पादक देश अछि आओर वैश्विक अनाज भंडार मे सेहो योगदान दऽ रहल छथि।

प्रधानमंत्री आशा व्यक्त कयलनि जे आइ–काल्हि विद्यार्थी बिना कोनो तनावक पूरा लगन सँ परीक्षा सभक तैयारी कऽ रहल छथि। ओ कहलनि जे विद्यार्थीक मूल्य मार्कशीट निर्धारित नहि कऽ सकैत अछि। ओ कामना कयलनि जे सभ विद्यार्थी अपन परीक्षा मे सफल होथि आ सफलताक ऊंचाई के प्राप्त करथि। प्रधानमंत्री रमजानक महीना आ आगामी होलीक त्योहारक शुभकामना सेहो देलनि। ओ वोकल फॅार लोकल के मंत्र के सेहो दोहरौलनि। प्रधानमंत्री कहलनि जे स्वेदशी उत्पाद सभक खरीदारी देश कँे आत्मनिर्भर बनेबा मे सहायक होयत।

————————————————————————————

उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे राज्य मे पैघ स्तर पर उद्योग लगाओल जायत। श्री चौधरी मुंगेरक हवेली खड़गपुर मे अवर निबंधन कार्यालयक उद्‍घाटन समारोह के संबोधित करैत कहलनि जे राज्य मे कतेको कंपनी सभ अपन स्टील प्लांट लगेबाक लेल सहमति जतौलनि अछि। ओ कहलनि जे एहि लेल हुनका लोकनि के सस्ता जमीन उपलब्ध करेबाक प्रक्रिया चलि रहल अछि। श्री चौधरी कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक नेतृत्व मे राज्य मे तेजी सँ विकास काज भऽ रहल अछि।

————————————————————————————

मधुबनी जिलाक रहिका प्रखंड अंतर्गत जीतबारपुर गाम के राज्यक प्रथम शिल्पग्रामक रूप मे निर्माणक काज शुरू भऽ गेल अछि। ई परियोजना केन्द्रीय वस्त्र मंत्रालयक राष्ट्रीय हथकड़घा विकास योजनाक अंतर्गत बिहार संग्रहालयक सहयोग सँ बनि रहल अछि। कला एवं संस्कृति मंत्री अरूण शंकर प्रसाद समारोहक शुभारंभ कयलनि।

————————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ अंडर नाइनटीन विश्वकप क्रिकेटक फाइनल मे एक सय पचहत्तरि रनक महत्त्वपूर्ण पारी खेलायवला समस्तीपुरक युवा क्रिकेटर वैभव सूर्यवंशी के

सम्मानित कयलनि। मुख्यमंत्री द्वारा वैभव कँ पचास लाख रुपैयाक चेक आ प्रशस्ति पत्र प्रदान कयल गेल।

———————————————————————————————

आईसीसी टी–ट्वेंटी क्रिकेट विश्वकप के सुपर–एट चरण मे भारतक मुकाबला आइ दक्षिण अफ्रीका सँ होयत। ई मैच सांझ सात बजे सँ अहमदाबादक नरेन्द्र मोदी स्टेडियम मे होयत।

———————————————————————————————

समाप्त भेल